



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI WOUT PATAJE POU BISIKLÈT AK PYETON
SOU PON GOUVÈNÈ MARIO M. CUOMO A**

***Wout Pataje Ki Mezire 5.8 Kilomèt La Se Youn nan Wout Ki Pi Long nan Modèl Sa
a nan Nasyon an***

Wout la Pral Ouvri pou Popilasyon an a 2 p.m. Jodi a

Yo Pral Klere Pon yo an Ble Aswè a An Onè a Gouvènè Mario M. Cuomo

***[Hudson Link](#) pral Ofri Sèvis Bis Gratis Semèn sa a ak Wikenn yo Pandan Sezou
Estival la***

Wout la Gen Ladan Èv Atistik Piblik, Machann Manje ak Vizit Odyo Gratis yo

Foto Nouvèl Wout la Disponib [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti wout pataje pou bisiklèt ak pyeton yo ki mezire 5.8 kilomèt sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, ki ap bay nouvèl koneksyon ki apwopriye sou plan anviwònmanal pou fanmi, moun ki ap kouri, siklis, pyeton ak vwayajè yo pou yo ka vwayaje ant konte Westchester ak Rockland. Wout la pral ouvri pou popilasyon an a 2 p.m. jodi a ak pwotokòl sekirite ki an plas pou limite pwopagasyon COVID-19 potansyèl.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke yo pral klere pon an tou ble aswè a an onè a anivèsè Gouvènè Mario M. Cuomo ki mouri.

"Nouvo Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a se yon antre anblematik nan Hudson Valley ak yon moniman atravè eta a ki selebre karaktè New York," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ajou wout modèn pou bisiklèt ak pyeton yo pral bay moun New York ansanm ak touris yo plis mwayen pou yo travèse rivyè a, ansanm ak enstalasyon ki modènize ak yon eksperyans entèaktif inik pou yo pwofite de yo pandan ke yo ap admire vizyèl pitorèsk yo sou Hudson River Valley."

Ak revètman ble espesyal li a, wout pataje ki gen yon lajè 12 pye a pwolonje soti nan Espas Debakeman Westchester li an ki nan Vilaj Tarrytown, atravè youn nan pwen ki pi laj yo nan Rivyè Hudson, pou rive nan Espas Debakeman Rockland li an ki nan Vilaj South Nyack. Sitiye sou bò nò wout ki ale nan direksyon lwès Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, wout lan gen ladan sis platfòm pitorèsk, kyòsk dijital, afich entèpretatif ak èv atistik piblik. Pakin vizitè, twalèt, sant reparasyon bisiklèt ak lòt ekipman yo, ansanm ak

konektivite ak rezo bisiklèt ak pyeton lokal yo, disponib nan toulède espas debakeman yo.

Wout pataje a pral ouvri chak jou soti 6 a.m. rive 10 p.m. Wout la ka fèmen tanporèman akòz move tan, operasyon mentnans oswa enkyetid sou sekirite yo. Dènye enfòmasyon ak enfòmasyon sou wout la pral disponib sou sit entènèt pon an, mariomcuomobridge.ny.gov, ak sou nouvo kont Twitter li, [@GMMCB](https://twitter.com/GMMCB), ki yo toulède ap lanse jodi a.

Wout pataje a te fè pati pwojè 3.9 milya dola Otorite Thruway (Thruway Authority) genyen pou konstwi nouvo Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, ki te ranplase Pon Tappan Zee an 2017. Yo te konstwi pon ki sipòte ak kab la pou sèvi Hudson Valley san yo pa bezwen fè mentnans majè pandan omwen yon syèk. Anviwon 50 milyon veyikil travèse pon an chak ane.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te deklare, "Sa se yon jou reyèlman istorik pou Otorite Thruway Eta New York yo. Nouvèl wout pataje pou bisiklèt/pyeton yo fè pati angajman pèmanan nou pran pou nou modènize epi transfòme enfrastrikti transpò eta a pandan ke n'ap ranfòse koneksyon nan kominote nou ap bay sèvis yo. Lè nou bay opsyon pou moun mache oswa monte bisiklèt sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a sa ap ede redwi enpak nou genyen sou anviwonman an, menm jan ak enstalasyon gichè peyaj san lajan kach yo sou tout sistèm Thruway lan apati fen ane sa a".

Jamey Barbas, ki se Direktè Pwojè a, te deklare, "Ouvèti wout pou pyeton ak siklis sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a se apoje yon pwojè enfrastrikti transfòmatif piblik, ki se youn nan pi pwo pwojè nan peyi Etazini. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, plizyè santèn travayè ak enjenyè ki te travay sou pwojè sa a te pran angajman depi nan kòmansman pou yo bay amelyorasyon transpò, soti depi nan wout ki pi laj ak akotman ijans yo pou rive nan espas ki dedike pou bis yo, epi kounye a yon wout pataje ki mezire 5.8 kilomèt. Wout la pa sèlman operasyonèl, men li bèl, epi nou remèsye tout patnè kominote nou yo ki te pèmèt pon an vin yon reyalyte".

SÈVIS SOU WOUT LA

Hudson Link, ki se sèvis bis ki ranfòse ki sipòte pa Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York lan ki ap bay sèvis sou koridò Interstate 87/287, pral bay sèvis bis gratis soti nan gwo espas pakin vwayaj yo nan Rockland ak Westchester pou rive nan arè bis tou pre espas debakeman wout yo nan Tarrytown ak South Nyack, kòmansman apati jodi a epi kontinye jiska Jedi, soti 7:30 a.m. rive 7:30 p.m. Nan Vandredi, sèvis transpò Hudson Link lan pral kòmansman ak orè estival nan wikenn regilye yo, ki ap fonksyone soti 7:30 a.m. rive 7:30 p.m. chak Vandredi, Samdi ak Dimanch.

Genyen yon limit tan kat èdtan nan espas pakin yo sou wout lan, epi yo ankouraje vizitè yo pou yo pran bis ak lòt transpò kolektif ki gen sou wout la. Sèvis bis modèn la pral pati chak 20 minit soti nan Palisades Center. Yon kat, orè ak detay yo disponib sou [sit entènèt](#) Hudson Link lan.

Nan kad entèvansyon li pou COVID-19, Hudson Link te pran prekosyon nou pral site la yo:

- Kantite moun maksimòm pa bis se 25 kliyan.
- Tout pasaje yo gen obligasyon pou yo mete mask pou figi yo.
- Yo mande tout pataje yo pou yo chita a sis pye lwen de lòt moun pandan yo nan bis la.
- Yo te enstale inite dezenfektan pou men yo nan bis Hudson Link yo.
- Tout operatè yo ap mete mask pou figi yo, gan yo epi itilize dezenfektan pou men yo.
- Yo te itilize dezenfektan endistriyèl ke CDC te apwouve pou netwaye bis yo chak swa.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York State ap kreye yon sistèm transpò 21yèm syèk ki rezistan, pwomouvwa kwasans epi amelyore sikilasyon pou non sèlman veyikil motorize yo men tou pyeton ak siklis yo. Nan kad pi gwo vizyon sa a, Depatman Transpò Eta New York la fyè pou yo sipòte sèvis bis ranfòse Hudson Link lan ki ap bay aksè a nouwèl wout pataje sa a ki gen vizyèl eksepsyonèl sou Hudson Valley epi ki se yon egzanp fòmèdab de sa moun New York ka akonpli lè nou tout travay ansanm".

SEKIRITE WOUT LA

Pou asire sekirite tout moun ki ap itilize nouwèl wout pataje a, vizitè yo ta dwe kenbe distans sis pye apa youn de lòt. Lè yo pa ka kenbe distans sosyal, yo mande vizitè yo mete yon mask pou kouvri figi yo sou wout la ak nan twalèt yo. Yo te poste afich fizik ak dijital yo pou raple vizitè yo sou responsabilite kolektif yo pandan pandemi COVID-19 lan.

Patwouy T Lapolis Eta New York (New York State Police) la se antite fòs lapolis ki responsab pou fè patwouy sou wout la, pandan ke yon ekip sekirite ki dedike pral siveye li aktivman ak tout pon an 24 sou 24, 365 jou nan ane a.

Wout la gen ladan liy wout ke yo elabore pou pyeton ak siklis yo nan toulède direksyon yo pou asire sekirite. Gen yon limit vitès 24 kilomèt pa èdtan pou tout siklis yo. Konfòmeman a nouwèl lwa eta a, moun ki gen laj 16 ane oswa pi plis yo ka itilize bisiklèt Klas 1 ak Klas 2 yo ki gen asistans elektrik (bisiklèt elektwonik yo) sou wout la. Tout siklis yo dwe kite pyeton yo pase.

Lè ou ap vizite wout la, toujou kenbe an konsiderasyon:

- Li pran anviwon 80 minit pou ou mache sou tout longè wout lan; pran an kont vwayaj retou ou.
- Li pran anviwon 20 minit pou ou fè tout longè wout la sou bisiklèt.
- Moun ka santi van, lapli, solèy, ak tanperati yo yon fason ki pi entans sou dlo yo; byen abiye.
- Twalèt yo nan Sant Akèy yo nan toulède espas debakeman yo.
- Fontèn dlo yo disponib nan toulède espas debakeman yo, men pa sou wout la.
- Ou ka santi pon an vibre; sa nòmal.
- Si ou bezwen asistans, itilize telefòn ki gen limyè ble yo ki sou tout wout la.

ÈV ATISTIK PIBLIK

Youn nan enstalasyon inik sou wout la se pakèt kantite èv atistik ke yo etale sou oswa tou pre toulède espas debakeman li yo.

Vizite yo pral jwenn senk eskilpti, yon miray ki merize 4,000 pye kare nan Rockland ak yon sipò pou bisiklèt pèsonalize ki ap fè referans a gradsyèl Palisades ak Vil New York. Twa nan eskilpti yo enkòpore rès asye ke yo te rekipere nan Pon Tappan Zee ke yo te dezafekte a. Yo pral enstale twa lòt sipò pou bisiklèt adisyonèl ki fè alizyon a enpòtans istorik Rivyè Hudson antan ke yon wout transpò komèsyal pi devan nan mwa sa a.

Otorite Thruway yo te fè patenarya ak ArtsWestchester ak Konsèy Atistik (Arts Council) Rockland lan sou Pwogram Atistik Piblik Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a. Yo te bay 10 komisyon a yuit atis Eta New York.

Detay sou chak komisyon atistik yo disponib sou [sit entènèt](#) pon an.

Direktè Egzekitif Jeneral ArtsWestchester Janet T. Langsam te deklare, "Yo te enstale yon seri travay atistik monimantal espektakilè nan chak tèminal ki gen sou nouvo pon an, sa ki ap transfòme pon doub sa a an yon destinasyon fòmèdab pou vwayajè yo ka angaje nan èv atistik yo. Nou menm nan ArtsWestchester nou kontan anpil pou nou kolabore ak Otorite Thruway Eta New York sou pwojè kreyasyon espas kreyatif monimantal sa a. Ak ekspansyon lis enstwiksyon sou divètisman ekstèn pou COVID-19, nouvo pon ki sou kokennchenn Hudson lan se yon kote vizyonè pou moun ka pwofite de èv atistik piblik yo pandan yo pral epi ap tounen soti nan Hudson Valley. Èv atistik yo gratis, piblik, epi disponib pou tout moun New York".

MACHANN SOU WOUT YO

Nan kad yon pwogram pilòt Otorite Thruway, machann lokal yo pral ofri manje ak sèvis nan toulède espas debakeman yo.

Twa kamyon manje - Anthi's Greek Specialties, Westchester Burger Company ak Graziella's Italian Kitchen - pral bay sèvis alafwa nan espas debakeman nan Westchester ak Rockland yo pandan y'ap fè wotasyon, sèt jou pa semèn, soti 11 a.m. rive 8 p.m.

Nan Espas Debakeman Westchester a, Double Barrel Roasters pral sou plas ap sèvi kafe cho ak frèt yo, bwason espesyalite yo ak krèm yo chak jou soti 8 a.m. rive 9 p.m. The Blue Pig, ki ap vann krèm ki fèt onivo lokal, pral fonksyone soti 2 p.m. rive 9 p.m., Vandredi rive Dimanch, pandan ke Sleek E-Bikes pral ofri alokasyon bisiklèt elektrik soti 10 a.m. rive 6 p.m. pandan sezon estival la.

Nan Espas Debakeman Rockland lan, Teagevity pral ofri te òganik ak kafe yo enfize frèt yo soti 9 a.m. jiska nan aswè, jedi rive dimanch.

VIZIT ODYO YO

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke vizit odyo gratis ki fèt espesyalman pou pyeton ak siklis yo pral disponib pou moun telechaje jodi a. Vizit mobil yo pral gen ladan yo istwa ki pale sou yon pakèt seri sijè soti nan enfòmasyon sou konstwiksyon pon an pou rive nan istwa lokal, soti nan koneksyon Hudson Valley ak èv atistik yo rive nan Rivyè

Hudson ak tout sa ki alantou li yo. Vwayajè yo pral ka an tout sekirite aksede a istwa yo san itilize men yo sou aparèy mobil yo pandan yo ap mache oswa sikile sou wout la.

Otorite Thruway Eta New York la te fè patenarya ak Komin Rivyè Hudson Istorik yo (Historic Hudson River Towns, HHRT), ki se yon konsansyòm san bi likratif pou minisipalite ki sou rivaj yo, ak TravelStorys pou devlope vizit odyo yo. Pwogram Avantaj Kominotè Nouvo Pon NY lan (New NY Bridge Community Benefits Program) te bay Komin Rivyè Hudson Istorik yo yon sibvansyon pou pwojè a. An plis de vizit wout la yo, HHRT nan dat 24 jen pral lanse yon nouvèl vizit nan machin ki gen ladan akonpayman 16 kominote manm yo ki nan Westchester ak Rockland, ansanm ak alafwa sou nouvo Pon Gouvènè Mario M. Cuomo ak Pon Bear Mountain lan. Lòt vizit HHRT ki gen pou vini yo sou aplikasyon TravelStorys lan gen ladan yo vizit apye pou Irvington, Tarrytown, Sleepy Hollow ak Nyack, ak atis Edward Hopper's Nyack. Telechaje aplikasyon TravelStorys lan gratis pou ka koute vizit otogide sou wout yo.

Prezidan HHRT a Phil Zegarelli, ki se Direktè Vilaj Briarcliff Manor te deklare, "Komin Rivyè Hudson Istorik yo te gen de gwo patnè nan devlopman tout vizit odyo mobil yo ke nou ap lanse pandan sezon estival sa a. TravelStorysGPS te bay konsepsyon teknik ak vizyon ki nesese pou ka rann li posib. Otorite Thruway Eta New York yo te bay finansman ak oryantasyon, nan travay espesyalman di sou vizit apye ak sou bisiklèt yo sou pon yo. Nou konnen vizit wout yo pral yon atraksyon majè, ki ap atire abitan ak vizitè yo pou vin pwofite de bote pon an pandan ke yo ap tande pale sou istwa ak mèvyè rivyè ke nou tout renmen anpil la".

ENFÒMASYON SOU NOUVÈL WOUT PATAJE A

- Orè fonksyonman chak jou yo: Soti 6 a.m. rive 10 p.m.
- Longè nouvèl wout pataje a: 5.8 kilomèt
- Lajè wout la: 12 pye
- Kantite platfòm: 6
- Limit vitès pou bisiklèt yo: 24 kilomèt pa èdtan
- Tan apwoksimatif apye pou ale de yon ekstremitè a yon lòt: 80 minit
- Tan apwoksimatif a bisiklèt pou ale de yon ekstremitè a yon lòt: 20 minit
- Espas pakin nan Espas Debakeman Westchester: 30 Lendi rive Vandredi/130 jou ouvrab yo apre 4 p.m. ak tout wikenn yo
- Espas pakin nan Espas Debakeman Rockland: 57

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)